АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ!

# ЦОЛЪИ

Шамил районалъул газета

Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

№38
(10032)

РУЗМАН

9 сентябрь
2022 сон

13 САФАР 1444 СОН

Единство | Газета къватIибе уна моцIида жаниб 4 нухалъ | Багьа эркенаб

РЕДАКТОРАЛЪУЛ КОЛОНКА

ПатIимат МУХIАМАДОВА




Байбихьана цIияб цIалул сон. Цоги тIамач бегана лъай щвеялъе жигар бахъулез. ЦIалулел руго..къанагIатги чи хутIулев гьечIо тIадегIанаб лъаялда хадув вахъунарев. Лъай бугевги гьечIевги, бажари цого гьечIониги, цого партаялда нахъа кIусулелги руго, цого дипломалгун къватIирги риччалел руго университетаз.

Щивлъун жив вахъинев? Кинаб махщелалъе цIализе лъимал ритIилел? Кинаб хIалтIи цIалун хадуб щвелеб? Гьел суалал руго гIемерисел лъималазе ва улбузе рахIат толареллъун. Амма киназго гуро, унго-унголъунги битIараб къимат жидерго гьунаралъеги лъай-гIакълуялъеги кьун, гьезие битIун ккараб жаваб балагьулеб.

Гьаб темаялда цIех-рех гьабизе лъугьиндал, тIаде ккана стратегическиял инициативабазул Агенствоялъ «Сколково» иновационнияб центргун цадахъ гIуцIараб «Атлас новых профессий» абураб сайталде тIаде. Гьез хъвалеб буго 2030 соналде 186 цIияб профессия баккизе бугин ва 57 тIагIинеги бугин. Гьез рехсолел ругел махщелазул магIна бичIчIияли киса, цIаралгицин ракIалда чIезе захIматал руго. BIM-менеджера-проектировщика, R&D менеджер здравоохранения, специалист по анализу больших данных, ICO аналитик, Science-художник, агроинформатик, агрокибернетик, агроэколог , арт-оценщик, архитектор интеллектуальных систем управления беспилотного транспорта ва жеги гIемерал батIиял махщелал руго гьеб сайталъ «букIиниселъул профессияби» цIаралда гъоркь рихьизарулел.

Амма гьединал ричIчIизе захIматал ва нилъер щибго лъайхъвай гьечIел махщелал рищи къанагIатаб иш буго. Нилъер районалъул выпускниказ тIаса рищулел ругел экзаменазул хIисаб гьабидал, бичIчIулеб буго гIемерисез цебеккунисеб заманалъул пикрабаздалъун жидерго пиша тIаса бищулеб букIин. КъанагIатги чи ургъулев гьечIо дунял хисулеб букIиналда, цере гьел хиса-басиял анцI-анцI соназ, гIасрабаз унел рукIарал ратани, жакъасел технологиязул церетIеязул гучалда гъоркь цебе унеб бугеб постиндустриалияб обществоялъе къваригIун руго информационияб рахъалъ бажари бугел гIолилал. Амма гьебго информатикаялъул экзамен нилъер районалда 3 выпускникас гурони тIаса бищун гьечIо исана. Лъабасдаго гьеб кьезеги кIун гьечIо. 9 класс лъугIун унез тIаса рищарал экзаменазда гьоркьор бищун цIикIкIун руго обществознание - 95% ва биология- 86,6% кьурал. 11 класс лъугIараз аслияб куцалъ рищун руго обществознание 34%, химия-31% ва биология -36%. Гьел баяназул анализ гьабидал, бичIчIулеб буго аслияб къагIидаялъ нилъер выпускниказ тIаса рищулел ругел махщелал – медицина, юридическияб, экономическияб, педагогикияб ва цогидал гIадатиял пишаби рукIин.

Санайил унел руго цIализе мединституталде ва медколледжазде анцI-анцI вупускник. Чан гьезда гьоркьоса тIад вуссунев вугев гIагараб росулъе, районалде? Жакъа нилъер ЦРБялъе хIажатал руго терапевтал, онкологал, анастезиологал, фельдшерал ва жеги чанго специалистал. Педагогическияб лъай щваралги руго тIатIала сокIкIани, кIудияб мегIер гIелебгIан гIемер. Амма чанги школазе щолел гьечIо химиялъул, ингилис мацIалъул ва цогидал мугIалимзаби. 60% цIикIкIун выпускник унев гьечIо щвараб специальностазда рекъон хIалтIизе. Университетазда тIамураб заман гIададисеблъун кколеб буго.

ЩАЙ?

Щайгурелъул, тIоцебе цIализе унеб бакI бищиялъе мухIканлъи гьечIо. КIиабизе, жидерго лъималазул рокьиги, бажариги бугеб махщел нахъегIан къазабун, эбел-инсуца цебесеб кьерда лъолеб буго тIадегIанаб цIар бугеб бакIалде лъимал цIализе ритIи. Махщел тIаса бищулаго психологаз ва цогидал специалистаз кьучIде росизе рихьизарун руго лъабго хIужжа: Хочу (интересы, склонности), Могу (здоровье, способности, возможности), Надо (потребности рынка труда). Гьаб лъабабго хIисабалде босун бищани гIумруялъул нух, битIун ккела.

Гьоркьоса нахъе рехизе бегьуларо магIарухъ унголъун кидаго хIажалъун ругел гIиявехьги, кверзул махщалил гIадамалги.

ЧIухIи нахъе рехун тун, жидеегоги жамгIияталъеги мунпагIат цIикIкIараб пиша тIаса бищиялъе гIакълуги къуватги кьеги киназего.

*Адабият*

Расулил чIухIи -Дагъистан,
Дагъистаналъул чIухIи-Расул



2 гьум.

*Антитеррор*

Нилъ цадахъ – вахIшилъиялда данде




2 гьум.

■ МИСАЛИЯЛ РАЙОНЦОЯЛ

МухIамад РАЖАБОВ:

## «КIудияб ВатIанияб рагъдаса фашизмгун къеркьолаго бохдуздаса ва кверзул килщаздаса ватIалъун вуссана дир эмен. Жакъа Украиналда фашистазул идеология чIаголъулеб бугеб мехалъ, балагьун кин чIолев?»

Украиналда унеб бугеб спецоперациялъул рахъалъ руго гIемерал батIиял пикраби. Цо-цоязда гьеб мекъелъун бихьулеб буго. Амма Россиялъул тарихги лъалев, лъай-гIакълуги цIубарасда бичIчIула нилъер рахъалъ рес къотIиялъ гьабулеб иш гьеб букIин, Россиялъе рагъги хIажат букIинчIеблъи.

Контрактияб хъулухъ тIубазабулел гурелги, гIемерал руго нилъер районалдасаги Украиналде жидеего бокьун спецоперациялда гIахьаллъи гьабизе унел. Гьездаса цоявлъун ккола запасалда вукIарав офицер, ТIелекьа МухIамад Ражабов.

Дагьав цевегIан нахъвуссарав М. Ражабовасда цIех-рех гьабидал бичIчIана гьев ВатIаналъул унго-унгояв патриот вукIин. Кьалул майданалда бугеб ахIвал-хIалги лъан, хъизан-лъималги тун рагъде ине сунца мун гьесизавуравин гьикъидал, гьес бицана: «ИнчIого кин чIелев гьениве, чIвалел ругелъул нилъер гIолохъаби. Украиналъул рахъалъ бугеб нацизмалъ гьабулеб бугеб гIассилъи бихьидал дунги инчIони щив инев абураб пикру букIана дилъ. Дир мунагьал чураяв эмен КIудияб ВатIанияб рагъдаса фашизмгун къеркьолаго бохдуздаса ва кверзул килщаздаса ватIалъун вуссана. Жакъа Украиналда фашистазул идеология чIаго гьабулеб бугеб мехалъ, балагьун кин чIолев?»

«ТIоцебесеб къоялдаса нахъе нижер ротаялъ данде ругезул гIорхъи бахъана ва тIаде цIиял рагъухъаби щвезегIан къадруялда цIунана нижеда хадур рукIарал Шурово, Брусовка ва Старый караван поселоказул ракьал. КIочон толареблъун букIана дие гьениб бихьараб жидерго халкъалдехун националистазул букIараб вахIшилъи. Ниж рукIараб лъабабго пункталда тIокIалъ гIадамас гIумру гьабиледухъ щибниги хутIун букIинчIо. Нижеца кверщел гьабуралщинал бакIаздаса бахъараб давлаярагъ букIана къватIисел хIукуматаздаса бачIараб. Цояб рахъалде ун, балагьун чIезе бегьуларо, фашистлъи цебетIезе биччазе бегьуларо. ГIассилъи ва пасалъи тIагIинабизе ккола!»-ян бицана МухIамадица.

Цо-цояз абизе бегьула хъулухъ тIубазабуралъухъ мухь бугелъул унел ратилин гIолахъаби спецоперациялдейилан. Амма жакъа къоялъ, кинаб бокьаниги ишалдаса гIарац гьабизе рес букIаго, гIумруялъул хIинкъи бугелъуре чи къватIиве вахъинароан. Гьелъие гIиллалъун буго патриотикияб рухI!



НИЖЕР БАЯН:

**Ражабов МухIамад Ашаханилаевич гьавуна 1963 соналъ Шамил районалъул ТIелекь росулъ.**

**1981-леб соналъ лъугIана ХIебда гьоркьохъеб школа, хадусеб соналъ цIализе лъугьана Саратовалда бугеб химикияб цIуна-къаялъул тIадегIанаб рагъулаб училищеялде.**

**1988-леб соналъ училище лъугIигун, витIана хIалтIизе Нижний Новгородалде рагъулаб объекталде.**

**1990-1993 саназ Каспийскалда «Дагдизель» заводалда мастерлъун хIалтIана.**

**1993-2000 саназ Шамил районалда ОМВДялда тIубазабуна кIудияв участковыясул хъулухъ ва Гъизляралда ЛОВДялда оперативно-сыскной отделалда нухмалъулесул хъулухъ гьабуна.**

**1996 ва 1999 саназ вукIана рагъулал ишазул гIахьалчилъун.**

**2006-2015 саназ Шамильхъалаялъул почтампалда хIалтIана, ахирисеб лъабго соналъ почтампалъул нухмалъулесул заместительлъун вукIана.**

**Исана риидал Украиналда тIобитIулеб бугеб спецоперациялда гьабуна гIахьаллъи. МухIамад Ражабов вукIана ротаялъул командирлъун, гьесул нухмалъиялда гъоркь рукIана 86 рагъухъаби-добровольцал.**

П. ЖАМАЛУДИНОВА

■ АДАБИЯТ

# Расулил чIухIи -Дагъистан, Дагъистаналъул чIухIи-Расул



«ШигIрияв асарал Расулил рекIел хIал загьир гьабулел руго, нилъер жакъа къоялъул шагIирзабазулъ ругел рокьукъал хасияталги гьесдаса рикIкIад руго. Жив жинцаго кIодо гьавиги киданиги букIинчIо ХIамзатовасул асаразулъ. Цlакъго лъикIаблъун буго гьесул махсара-хочI, жиндего буссинабун хIисабалда хъвараб. Гьебги ккола цIалулев кверде восулеблъун бугеб цIакъ къанагIатаб махщел».

«Расул ХIамзатовасул рокьул кучIдул, чIужугIаданалде кучIдул, бихьинчилъиялъулги яхI-намусалъулги хъварал асараз рорчIизарулел руго инсанасулъ чанго соназ кьижун рукIарал лъикIал хасиятал».

«ХIамзатов- тIабигIаталъул поэт, гьев тIубан шигIруялъул вуго, шигIруги тIубан гьесул кверщаликь буго. ШигIруялдаса щибго балъго гьабуларев вукIиналъ, гьеб гьесул цIубарабги буго»... гьедин хъвалеб буго Расул ХIамзатовасде Россиялъул шагIирзабаз «Поэт аула и планеты» абураб пятитомникалда. Руго гIемерал кIалъаял гьесул кIодолъи ва махщел загьир гьабулел. Амма щибго хIажат бугищха Расулие. Бицине кколарев, веццизе кколарев, цохIо цIар абуни гIолев, дунялалда Дагъистаналъулги, нилъер мугIрузулги, магIарул берцинай чIужугIаданалъулги, кьуру гIадал магIарул бихьиназулги цIар рагIизабурав Расул. Дагъистан букIана кидаго Расул ХIамзатовас жиндирго чIухIилъун ккураб, нилъер чIухIилъун вуго Расулги.

ГIелму-лъай тIокIав инсул машгьурав вас Расул 80 сонилаб ригьалда нилъедаса ватIалъаралдаса балеб буго 19 сон. АбадиялъгоДагъистаналъул ва тIолго улкаялъул тарихалда хутIарав кIудияв шагIирас исана тIубалаан 99 сон. Санайил гьев ракIалде щвеялъе тадбирал тIоритIула Дагъистаналда, Россиялда ва улка тун къватIибехунги.

Расул ХIамзатов гьавураладаса 2023 сональул 8 сентябралъ базе буго 100 сон. Гьелде буссун бачIунеб сон бихьизабун буго Расул ХIамзатовасул сонлъун. «Россиялъул Президентас къабул гьабуна нижеца гьоркьоб лъураб суал ва 2023 сон букIине буго тIолго улкаялда Расул ХIамзатовасул сонлъун. 100 сонилаб юбилеялде тIубараб лъагIалицаго рукIине ругел гIемерал тадбиразул хъвараб указ жакъа къоялъ хIадурулеб буго. Расул ХIамзатов лъалареб бокIон гьечIо, лъалелщиназе гьесул гIумруялъул ва творчествоялъул лъазе ва бихьизе гьираги буго. Гьединлъидал, гьеб рахъалъ нилъеца лъикIаб хIалтIи гьабизе ккола»,- ян буго ДРялъул бетIер Сергей Меликовасул кIалъаялда.

П. ЖАМАЛУДИНОВА

■ АНТИТЕРРОР

# Нилъ цадахъ – вахIшилъиялда данде

**2005 соналдаса нахъе Россиялда 3 сентябрь бихьизабун буго терроризмалда данде къеркьеялъул къолъун. Къоабилеб гIасруялъул ахиралда ва къоло цоабилеялъул байбихьуда квешаб унти кинигин тIибитIун букIараб терроралъ гьабураб зарал ва камиял ракIалде щвезарула гьеб къоялъ.**

3 сентябрь ракIалдещвеялъул къолъун чIезабиялъе гIиллалъун буго 18 сональ цебе Северияб Осетиялъул Беслан шагьаралда №1 школалда ккарал вахIшиял лъугьа-бахъинал. 2004 сональ 1-себ сентябралъул байрамалда Бесланалда террористаз сверун ккун, лъабго къоялъ гIакъуба кьуна мугIалимзабазе, цIалдохъабазе ва гьезул умумузе. 1100 чи росун, гIадамас хIехьон бажарулареб рукIа-рахъиналда, хIинкъиялда ва гIассилъиялда чIезаруна. ГIемерисел, штурмалъул хIасилалда, эркен гьаризеги кIвана, амма къурбанлъарал 333 чи ккана, гьезда гьоркьоса 186 лъимер ва 800-ялдасаги цIикIкIарав чи лъукъана.

Терроризмаялде данде къеркьолезул рахъ ккун, 3-леб сентябралъ, тIолго хIукуматалда гIадин, нилъер районалдаги тIобитIана гьеб



вахIшияб къо ракIалде щвезабиялъул мурадалда тадбир. ХIебда маданияталъул кIалгIаялда ракIалде щвезаруна терроралъулал актазда чIварал ва рагъулаб хъулухъ тIубалаго хварал правоохранительный органазул хIалтIухъаби. Бихьизабуна документалияб фильм.

Районалъул киналго школазда терроризмалда данде къеркьеялъул къоялъе руссарал линейкаби гьаруна.

КIочон тезе бегьуларо тарихалде арал вахIшилъиялъул лъалкIал.

П. ЖАМАЛУДИНОВА

■ ЛЪАЙКЬЕЯЛЪУЛ БУТIАЯЛДА

# Патриотикиял тадбираздалъун байбихьана цIали

**Исана цIияб цIалул соналда Россиялъул киналго школазда бижана цIияб гIадат. Гьеб тIобитIизе буго щибаб анкьил итни къоялъ, цIалул сон байбихьаралдаса гьеб лъугIизегIан.**

ТIолго улкаялдаго гIадин Шамил районалъул киналго школазда тIобитIана пачалихъалъулаб гимналда гьоркь байрахъ борхиялъул тадбир. Байрахъ борхизе изну кьола цIалулъ, спорталъулъ, волонтеразул тадбиразулъ лъикIал хIасилал рихьизарурал цIалдохъабазе.

Гьелдаго цадахъ, щибаб итни къоялъ киналго классазда тIоцебесеб дарс тIобитIула «КIвар бугеб гарачIвари» абураб темаялдаса. Федералияб лъайкьеялъул министерствоялъ щибаб анкьие рихьизарун руго гьел дарсал тIоритIиялъе малъахъваял. Гьеб таваккалалъул



рахъ ккуна «Артек» лъималазул хIухьбахъиялъул централде вачIун вукIарав РФялъул Президент Владимир Путиница.

Гимн гIенеккиялъул ва байрахъ борхиялъул тадбиралъ гIун бачIунеб гIелалъе ВатIан бокьиялъул, улкаялдаса ва улкаялъул гражданаздаса чIухIиялъул дарсал щвела.

Давуд ДАВУДОВ

■ АДМИНИСТРАТИВНЫЕ ДЕЛА

**МУНИЦИПАЛЬНОЕ ОБРАЗОВАНИЕ «ШАМИЛЬСКИЙ РАЙОН»РЕСПУБЛИКИ ДАГЕСТАН**

**ПОСТАНОВЛЕНИЕ**

**с.Хебда**

**от 25 августа 2022 года № 85**

**О внесении изменений в Административный регламент предоставления муниципальной услуги «Предоставление информации об очередности предоставления жилых помещений на условиях социального найма или в качестве улучшений жилищных условий» на территории МО «Шамильский район»**

В целях приведения правовых актов администрации МО «Шамильский район» в соответствие с действующим законодательством, администрация МО «Шамильский район» постановляет:

1. Внести в Административный регламент предоставления муниципальной услуги «Предоставление информации об очередности предоставления жилых помещений на условиях социального найма или в качестве улучшений жилищных условий» на территории МО «Шамильский район», утвержденный постановлением администрации МО «Шамильский район» от 09.04.2013г. № 29, следующие изменения:

а) пункт 3.2 изложить в следующей редакции:

«3.2. Получить информацию об очередности заявители могут:

- письменно, путем направления обращения в адрес Администрации сельского поселения по месту жительства или в Администрацию МО «Шамильский район»;

- в электронной форме, через Интернет-сайт Администрации МО «Шамильский район» (www.Шамильский.рф) и по электронной почте в адрес Администрации МО «Шамильский район» (admhebda@mail.ru);

- устно, путем непосредственного обращения к специалисту отдела»;

б) пункт 6.1 дополнить абзацем следующего содержания:

«- при обращении в электронной форме - направление заявителю справки об очередности в виде электронного документа»;

в) в пункте 9.1 слова «- карточку очередника» исключить;

г) в пункте 9.2 слова «пунктом 13» заменить словами «пунктом 9.1»;

д) пункт 10.1 изложить в следующей редакции: «10.1. Оснований для отказа в приеме документов, необходимых для предоставления муниципальной услуги, не предусмотрено»;

е) пункт 11.1 изложить в следующей редакции: «11.1. Основаниями для отказа в предоставлении заявителю (его уполномоченному представителю) муниципальной услуги являются:

- выявление в заявлении на предоставление муниципальной услуги или в представленных документах недостоверной, искаженной или неполной информации, в том числе представление заявителем документов, срок действительности которых на момент поступления в уполномоченный орган в соответствии с действующим законодательством истек;

- непредставление заявителем (его уполномоченным представителем) или представление в неполном объеме документов, наличие которых необходимо для получения муниципальной услуги в соответствии с пунктом 9.1 настоящего Регламента;

- подача заявления и документов лицом, не входящим в перечень лиц, установленных пунктом 2 настоящего Регламента;

- текст в заявлении на предоставление муниципальной услуги не поддается прочтению либо отсутствует»;

3. Настоящее постановление вступает в силу в установленном порядке и подлежит официальному опубликованию (обнародованию).

4. Контроль за исполнением настоящего постановления заместителя главы администрации МО «Шамильский район» в соответствии с координируемым направлением деятельности.

**Глава МО «Шамильский район» М.И. Гасанов**

■ ЖАМГIИЯТ



Патlимат ГЬИТIИНОВА

## Туристал уна, багъаби хутIула

Ахиралде щолеб буго, хIалтIуцагун цIалуца свакарал урхъараб риидалил гIуж. Шагьаралдаса хIухьбахъизе рачIарал жидежидер пишаялде тIадги руссун чIороголъулел руго росаби. Хасалихълъиялде гIагарлъулеб бугониги, Дагъистан бихьизе гIащикълъун рачIунел гьалбадерил къадарин абуни жеги дагьлъунго гьечIин ккола.

Росулъа шагьаралде тIадруссунаго магIарухъе унел машинабазул чвахи чанцIул ризаб бугоан. Кидаго кеп букIуна сапаралъ цадахъ ругезул харбихъ гIенеккизе. БакI-бакIалда лъалхъун ратулел туристал рихьун гьезде буссана хабар. Лъабго чIужугIадан йиго гьаб нухалъ цадахъ, лъабалъулго буго батIи-батIияб пикру.

«Отпусказул заманаялъ гьазул рокъоб гьабизе хIалтIигодай букIунареб. Бадиса цIа унаха, керчал бутIрулгун, нилъ зияраталъ унел бакIазда гьал ратидал»- ин абулеб буго цоялъ.

КIиабилей разиго йигоан туристал цIикIкIиналдаса: «Вай, рачIун лъикI, гьездаса бугебщинаб хайир нилъер гIадамазе. Дир мадугьалалъ бицана исана росулъги чIун, туристазе куракул карщ бичун, жинца къоазарго гъурущ гIарац гьабиулан. Дицагоги гьезий бичанщинаб пихъ. ГIумруялъ букIинчIо исана гIадаб даран.»

Лъабабилей гьалмагъ гьал кIияздаго рекъечIо: «Уха, куракул кашалъухъцин лъун бугеб багьа, цогидалъул гьабиларищ. Вай, хъантIи, нужгогIагийищ нечоларел гьедин хираго пихъги квенги бичизе? БотIрода кIаз чIвачIогоянги туристазда гIайиб чIвалел руго нуж, нилъер шагьаразда чохтIо къан ратила киналго хьвадилел, нужералги нижералги»

«Нилъераз магIарухъе унелъул рас бахчулаха»-ян гIайиб бацIцIине лъугьарай гьалмагъ чIчIезаюна лъабабилелъ: «Шагьаралда Аллагьасда рихьулелгIаги ратиларо гьел. Гьадал, кIаз къачIел туристазулги цIикIкIунисел дагъистаниял ратулебльи лъай нужеда».

Туристазул рахъалъ батIи-батIиял пикраби гIемер рагIула, хасго магIарухъ. Цоял рохун, рихххун, щиб гьабунги гьездаса щагьи-пара тIалаб гьабулел, цогидал туристал росабалъе рачIине бокьуларого, нилъер ракьалдаса баракат унин, лъабабилел- нилъерго гIадаталда рекъон, рикIкIадаса рачIарал гьалбал чIорого кваназарулел. ГьоркьохъеБ, киналго разияб, лъиего зарал кколареб низамалде кида бачIинеб лъаларо гьаб ахIвал-хIал. Гьеб батила нилъерго культураялъул къимат гьабунгутIи, чияраб бичIчIунгутIи, къокъго абуни-лъавукълъи.

Туристаз бер къапичIого гIарац къолеб бугин абун базараздагун ашбазазда кванил нигIматал ричулел руго зодоре бахараб багьаги тIад лъун. БакIалъулал гIадамазе гьелъул бугеб зараралде ургъулев чи гьечIо.

Туристал нилъехъе рачIуна чорхое, чохьое ва рекIее рахIаталъе. Гьел уна, багъаби хутIула.

## Гъурщал рихьунилан рихххун лъугьунге!



Хирият диналъул вацал, яцал, магIарухъе гIемер туристал рачIунел руго гьаб ахираб кIиго соналъ. Гьезда хурхун гIемер батIи-батIияб хабарги буго.

Нилъеде тIаде кIанцIарал тушбабиги гуро, щибниги бахъизе рачIарал хъамалчагIиги гуро гьел. Улкаялъул цогидал регионаздаса гIадамал рачIун руго Дагъистаналъул тIабигIатги, культураги берцин бихьун, гьездаса ккезе зарал нилъее щибниги гьечIо.

ХIинкъизе ккараб жо буго гьадинаб: Дагъистаналъул тарихалде раккараб мехалъ, имамзабазул гъазават бугеб заман букIа, КIудияб ВатIанияб рагъул сонал рукIа, камичIо нилъер дагъистаниязда гьоркьор квешаб цIар бахъарал чагIи. ГIарцухъ дингун ВатIан бичаралги ккана, жидее цIар-реццалъе гIоло гьересияб гIамал, хиянат гьабуралги рукIана. Гьел гIадамазул цIарал ва ишал рогьолъун, ругъунлъун хутIана тарихалда. Хирияв бусурбаби, нилъехъе рачIарал туристаз жидеего рахIат, кеп щвезелъун кваранихъеги квегIихъеги гIарац буго хьвагIулеб барахщичIого. Гьеб гIарац бихьараб мехалъ нилъеразда гьоркьор камулел гьечIо гъурщазухъ балагьун бер биххарал, яхI биларал чагIи, кIалдибе гьунареб багьа бахинабун буго сундухъго.

Хасаб хитIаб гьабизе бокьун буго туроператоразде, гидазде. Нужеда бараб жо гIемераб буго. Заман уна, гьабурабщинаб лъикIабги квешабги тарихалда хутIула ва кида къадги гьеб квешлъи нужехъе, нужер наслабазухъе тIадги буссуна.

Нужее бокьун батани лъикIазулъ рехсолеб цIар хутIизе, нужеца гъурщазухъ динги Дагъистаналъул лъикIабщинаб хасиятги бичуге. «Гъурщие лагълъи гьабулесул талихI къаги»-ян абун буго нилъер аварагас (с.гI.в.с.)

Туристазе хIухьбахъиялъул сапарал гIуцIулел чагIазда бараб жо гIемераб буго. Нилъер ракьалда лъикIабщинаб бихьизе, кваназе рачIарал гIадамазда гъурщазухъ бокьараб гьабизе хIадурал, яхIги, намусги, сахаватлъиги биларал дагъистаниял дандчIвани, гьезда цере нилъ басралъизе, учузлъизе руго.

Гьеб мехалъ кинаб хьулха букIинеб дагъистаниязул хIакъалъулъ лъикIаб рагIи рагIизе?

ЦохIо туроператораздегун гидазде тIамун тезе кколаро росабалъе рачIунел туристазул тIалаб ва гьезие низам чIезаби. Росдал имам, бегавул, хъулухъчагIи ва гIадатиял гIадамал батIалъи гьечIого, нилъее киназего гIаммаб хIалтIи буго гьеб.

«Нилъер ВатIаналде къо ккараб мехалъ гIицIго церехъабазде рехун тоге жавабчилъи, жиде-жидер магIишаталъул гурони нилъеца тIалаб гьабичIони, басралъи тIамила тIаде»-ян абулеб магIнаялъул цоги хIадис буго.

Жакъа нилъеда бихьулеб, туристал гьанире рачIиналъул багьа-бачари, гьаб буго гIицIго байбихьи. Гьел цIикIкIине руго жеги. 15-20 сонидаса нилъер халкъ релълъине буго туристазда, яги туристал нилъеда релълъине руго. Гьебги бараб буго нилъер халкъалда. Нилъерго хIурмат нилъецаго гьабулеб бугони чияцаги адаб рехуларо.

Аллагьас къуват къеги киназего умумуз нилъехъе кьураб динги, нилъерго лъикIабщинаб хасият-гIамалги цIунун къвакIун чIезе.

Аюб-хIажи ЗАЙНУЛГIАБИДОВ,
Ругъелда росдал имам

(«ХIакъикъат» газеталдаса босараб)

■ ВЕТЕРИНАРАЗУЛ КЪОЯЛДЕ

## ГIи-боцIуде рокьи бергьарав

**Эмен колхозалъул гIиял вехьлъун вукIун, гьесда цадахъ каникулазул къояз мегIер-гIалахалда, гьитIинго гIи-боцIуде рокьи бижана Ругъелдаса АхIмад ХIажимухIамадовасул. Рехъадулъ унтараб гIи кхани, цойгидаздаса мисал босун, гьелъие дару-дарман гьабизецин лъалаан гьесда. ЦIакъ гурхIулаан гьев унтараб хIайваналда.**

Школа лъугIигун, тIокIаб батIияб мурад букIинчIо АхIмадил боцIул тохтурлъун цIализе ин гуреб. ТIубана гьесул ракIалда букIараб мурад. 1989 соналъ МахIачхъалаялъул росдал магIишаталъул техникумалъул ветеринарияб отделение лъугIарав гьев, направлениялда рекъон, хIалтIизе витIана Калужский областалъул "Милеевский" совхозалде. Гьенив хIалтIана АхIмад 9 соналъ совхозалъул бетIерав ветврачлъун.

Аслияб куцалъ совхозалъул букIана тайпадулаб боцIи. Квеш букIинчIо магIишатияб рахъги. Гьениве щваралъго совхозалъул директорас кьуна хасаб рукъги, бихьизабуна бекьизе хурги. Рес букIана жиндирго гIи-боцIи хьихьизеги. Амма эбел-инсуца течIого гIебеде вакIарана. ЦохIо магIишатияб рахъ лъикI букIин гуребги, хIалтIул бечедаб хIалбихьиги щвана гьесие.

1997 соналъ къисматалъ вачана АхIмад Гьизляралде. Рукъ-бакIги бан парахалъана гьев Шамил районалъул къелесезги гIумру гьабулеб Гьизляралда аскIоб бугеб "Южный" поселокалда. Хъван батана гьесие гьанивги боцIул тохтурлъун хIалтIизе. Жакъа гьев ккола Аверьяновко-Кордановский ветеринарияб лечебницаялъул нухмалъулев. Хас гьабун гьесул жавабчилъиялда буго Южный, Речной ва Кирово поселокал. ГIураб къадаралда гIи-боцIи буго гьезул жалго бетIергьанаб, буго 6 фермерасулаб магIишати.

Сордо-къо батIалъи гьечIого хIалтIула АхIмад тIадаб иш тIубазе. Жиндирго хIалтIул АхIмадица бицана:"Дица нухмалъулеб рехсараб лечебницаялда вуго 9 ветеринарияв тохтур. Щивасе бихьизабун букIуна жавабияб бакI. АхIи бачIани, ине ккола гIанкIу-хIелеко унтаниги. Нижер хIалтIулъ аслияб бакI ккола унтаби гьукъизе рихьизарурал тадбираз. Гьел ккола бруцеллез, туберкулез, сибирская язва, оспа, ящур ва цойгидалги рахунел унтаби гьукъизе гьарулел вакцинаби ва гьел ругищали хал гьабизе би бахъи. Якъинго тIиритIарал рахунел унтаби гьал ахирал саназ рукIинчIо. Амма цIодорго рукIине ккола. Бидул анализ гьабун ратула цо-цо бруцеллезалъ унтарал хIайванал, гьединал хехаб куцалъ тIаса гьаризе тIамула. ГIадада абураб батиларо, медицинаялъ инсан сах гьавулин, нижеца сах гьабулин инсаниятилан. Инсанасе чара гьечIого хIажатаб гьанги рахьги чорхое зарал гьабулареб куцалъ букIине ккеларищха."



ЛъикIаб къадру-къиматалда вуго АхIмад хIалтIуда. Гьесдаса рази рукIин загьир гьабуна гьел поселоказул гIадамазги. Рази руго гьесдаса нухмалъулелги. Гьелъие нугIлъи гьабула Республикаялъул ветеринарияб комитеталъул рахъалъ кьураб ХIурматалъул грамотаялъ, гьединабго грамота кьун бугоан гьесие росдал магIишаталъул къоялда бан, Дагъистаналъул Росдал магIишаталъул ва продовольствиялъул министерствоялъги. ГIемерисел ветеринариял хIалтIухъабаз дипломалда рекъон хIалтIи гьабулеб гьечIо. Гьелъие гIиллалъун гьез рикIкIунеб бугоан дагьал харжал. Бигьаяб хIалтIи гьечIо ветеринаразул. Абулеб буго исана гьесие харжал цIикIкIине ругилан. Гьеб лъикI буго. Амма дагьаб харж бугилан хIалтIи течIо АхIмад ХIажимухIамадовас, тезе ракIалдаги гьечIо. Гьеб бугелъулха бокьун, ракIалъ ахIун босараб махщел.

С.ГЬИТIИНАМУХIАМАДОВ

